



Pou Piblikasyon Imedya: 24/02/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE TWA NOMINASYON NAN PÒS KOMISÈ AJANS

Gouvènè a nonmen Denise Miranda kòm Komisè Divizyon Dwa Zimen an

Gouvènè a nonmen Amanda Lefton kòm Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal

Gouvènè a nonmen Willow Baer kòm Komisè Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmanal

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a twa nominasyon nan pòs komisè ajans nan Eta Nouyòk. Gouvènè a nonmen Denise Miranda kòm Komisè Divizyon Dwa Zimen (Division of Human Rights, DHR), Depatman Pak, Lwazi, ak Prezèvasyon Istorik (Recreation and Historic Preservation) [sic] Eta a, Amanda Lefton kòm Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC); ak Willow Baer kòm Komisè Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmanal (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD) Eta a.

"Pandan n ap travay pou fè Nouyòk pi bon kote pou nou grandi yon fanmi, li enpòtan pou nou gen yon ekip ki gen konpetans ak eksperyans pou fè objektif sa a vin yon realite", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Kat [sic] nomine sa yo pwouve tèt yo ke yo se lidè solid ak yon siksè ki bat rekò — epi yo pral jwe yon wòl esansyèl nan dirijan ajans eta sa yo."

Konsènan Komisè Denise Miranda

Gouvènè Kathy Hochul te nonmen Denise Miranda nan mwa mas 2024 kòm Komisè Enterimè Divizyon Dwa Zimen (DHR) an.

Pandan premye ane li nan Divizyon an, Madam Miranda te inisyè yon revizyon konplè sou operasyon admisyon Divizyon an, ogmante anplwaye a 40 pousan nan premye sis mwa yo, elaji inisyativ edikasyon ak sansibilizasyon epi li te angaje l nan chanjman òganizasyonèl nan gwo anplè pou asire ak pwoteje eritaj Divizyon an kòm premye ajans eta nan peyi a ki dedye pou pwoteje dwa zimen ak dwa sivil. An novanm 2024, li te lanse premye kanpay "Denonse Rayisans" (Call Out Hate) nan tout eta a pou sipòte travay Inite Prevansyon Rayisans ak Prejije (Hate and Bias Prevention Unit) Divizyon an, ki te kreye pou konbat prejije ak diskriminasyon. Nan fen premye ane Komisè

Enterimè a nan DHR ak sipò Gouvènè a, DHR te wè yon ogmantasyon 30 pousan nan bidjè ajans lan epi li te travay aktivman pou ogmante efò prevansyon ajans lan pandan l ap akselere pwosesis li yo pou investigasyon ak règleman reklamasyon yo.

Avan sa, Komisè Enterimè Miranda te sèvi kòm Direktris Egzekitif Sant Jistis Eta Nouyòk pou Pwoteksyon Moun ki gen Bezwen Espesyal yo pandan sèt ane. Li te sipèvizè operasyon ajans lan, ki enkli investigasyon sou abi ak neglijan, pouswit kriminèl, ak pwosedi disiplinè administratif. Sou lidèchip li, Sant Jistis la te jere swen plis pase yon milyon moun, ak yon mendèv ki gen plis pase 425 anplwaye ak yon bidjè fonksyonman 41 milyon dola.

Konsènan Komisè Amanda Lefton

Karyè divèsifye Amanda Lefton nan sektè piblik ak prive yo, ki gen ladan li te deja sèvi kòm Direktè Biwo Jesyon Enèji Oseyan (Bureau of Ocean Energy Management, BOEM) nan Depatman Enteryè (Department of the Interior) a. Sou lidèchip li, BOEM te devlope ak enpleman yon pwogram enèji ewolyèn olaj zòn kot anbisyè federal ki te kreye yon nouvo endistri famiyal ki sipòte travay ak opòtinite jenerasyonèl. Apwòch kolaboratif li te rasanble plizyè pati konsène pou jere yon fason responsab enèji ak resous mineral enèji ewolyèn olaj zòn kot enpòtan nan peyi a.

Avan wòl li kòm Direktris BOEM, Lefton te sèvi kòm Premye Sekretè Asistan pou Enèji ak Anviwònman pou Nouyòk, kote li te dirije inisyativ anviwònmantal ak klimatik Eta a ki te sipèvizè yon pòtfèy ajans egzekitif ki gen ladan DEC. Li te travay tou pou The Nature Conservancy nan Nouyòk kòm Direktè Politik Adjwen ak responsab mitigasyon klima, Konsèy Rejyonal Miks Travayè Ini (Rochester Regional Joint Board of Workers United) ak Asanble Eta Nouyòk la ak Sena Eta Nouyòk la. Dènyèmman, Lefton te Vis Prezidan Offshore Development, pou Rejyon Lès Etazini nan RWE — youn nan aktè prensipal nan mond lan nan sektè enèji ewolyèn olaj zòn kot la.

Li soti nan Queens, li te grandi nan Long Island epi li gen yon Lisans nan University at Albany. Kounye a li abite nan rejyon kapital la ak madanm li ak bofis li.

Konsènan Komisè Willow Baer

Willow Baer gen onè pou yo nonmen kòm Komisè OPWDD. Anvan li te monte kòm Komisè Enterimè, Willow te sèvi kòm Komisè Adjwen Egzekitif OPWDD epi li te sipèvizè jesyon operasyonèl ajans lan, ki gen ladan planifikasyon, planifikasyon ak sipèvizyon fiskal, ak devlopman politik. Li te responsab tou pou sipèvizyon anplwaye ajans yo nan yon pakèt kapasite, tankou sipò swen dirèk, pèsònèl klinik ak medikal nan anviwònman rezidansyèl ak non rezidansyèl, antretyen ak operasyon.

Willow te sèvi de fwa kòm Konseye Asistan Gouvènè Kathy Hochul, li te sipèvizè priyorite legal ak lejislasyon nan tout domèn Sèvis Imen ak Ijyèn Mantal. Anplis de sa, Willow te deja sèvi kòm Konseye Jeneral OPWDD, Konseye Jeneral ak Komisè Adjwen pou Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children & Family Services, OCFS), epi kòm Konseye Sant Jistis Eta Nouyòk la. Politics NY ak amNY Metro te nonmen Willow yon Aktè Enfliyan nan Swen Sante an 2024.

Willow te pase tout karyè li ap travay pou pwoteje ak defann popilasyon ki pa reprezante ase yo. Li pral kontinye travay ajans lan pou asire ke Nouyòk se yon eta ki enklizif, ki bay sipò, ak yon eta ke moun ki gen andikap devlopmantral yo viv ak chwa ki gen sans epi yo fyè pou yo rele li lakay yo.

Komisè Enterimè Divizyon Dwa Zimen, Denise Miranda, te deklare, "Se onè karyè mwen pou Gouvènè Hochul te nonmen m pou dirije Divizyon Dwa Zimen an. Pandan prèske 30 ane, mwen te dedye lavi pwofesyonèl mwen pou avanse dwa sivil yo ak pwoteje kominote vilnerab yo atravè Eta Nouyòk, epi mwen rekonesan anvè Gouvènè a paske li te konfyè m responsablite sa a. Mwen kontan pou m aksepte nominasyon sa a epi pou m kreye patenarya ak Gouvènè a pou prepare pwochen chapit ajans lan pandan n ap selebre 80 ane Lwa sou Dwa Zimen Eta Nouyòk la. Mwen pa ka tann pou m pwoteje dwa sivil tout Nouyòkè yo."

Komisè Rantran Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la, Amanda Lefton, te deklare, "Se yon onè pou Gouvènè Hochul te konfyè misyon enpòtan Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la. Mwen pran angajman pou bay rezilta siyifikatif pou amelyore sante ak sekirite kominote yo toupatou nan Eta a epi pou pwoteje anviwònman ak resous natirèl nou yo pou jenerasyon k ap vini yo."

Willow Baer, ki se Komisè Pwovizwa Biwo Moun ki Gen Andikap Devlopmantral la, te deklare, "Mwen rekonesan dèske, anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta Nouyòk te retabli estati li kòm yon lidè nasyonan nan bay sèvis pou moun ki gen andikap devlopmantral yo ak politik ki priyore pi gwo endepandans, opsyon lojman inovan, ak entegrasyon kominotè. Mwen gen onè ak eksite paske Gouvènè a te nonmen mwen pou dirije Biwo pou Moun ki Gen Andikap Devlopmantral la epi mwen enb chak jou pou m ap fè travay sa a ansanm ak anpil oto-defansè yo ak fanmi yo atravè Eta Nouyòk k ap goumen pou ekite ak enklizyon."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)